

26 jen 2023

## AVI SOU PWOPZISYON TAKS NON-AD VALOREM

Chè pwopriyetè:

Pwopriyete sa a fè pati Evalyasyon Non-Ad Valorem 2023 Konte Miami-Dade la. Avi sa a bay enfòmasyon ki gen rapò ak evalyasyon ki gen rapò ak pwopozisyon ogmantasyon to evalyasyon espesyal pou Frè Ramasaj Dechè Solid Rezidansyèl ke yo peye Depatman Jesyon Dechè Solid Konte a. Gen plis enfòmasyon sou frè non-ad valorem Depatman an genyen sou lòt paj Avi sa a. Pwopozisyon evalyasyon non-ad valorem pou dosye ki anwo a pou ane fiskal 2023-24 prezante konsa:

Objektif

Deskripsyon Evalyasyon

Evalyasyon  
2022

Pwopozisyon  
To Anyèl

Initi Mezi

Initi

Valè

### PA PEYE – Se pa yon fakti.

**Evalyasyon ki otorize nan odyans pubblik la va parèt nan fakti mwa oktòb la atravè  
Fakti Konbine Taks sou Pwopriyete a.**

### AVI ODYANS PIBLIK

Konsèy Komisyònè Konte Miami-Dade va òganize yon Odyans Piblik sou pwopozisyon Evalyasyon Non-Ad Valorem 2023 nan Chanm Komisyòn yo ki lokalize nan 111 N.W. 1 Street, 2nd Floor, Miami, Florida 33128 nan dat 18 jiye 2023 a 9:30 a.m. Objektif Odyans Piblik la se pou resevwa kòmantè pubblik la sou pwopozisyon evalyasyon an anvan yo pran aksyon final la. Otorite fiskal yo ka AMANDE oswa MODIFYE pwopozisyon evalyasyon an nan odyans lan.

Tout evalyasyon non-ad valorem ki otorize va andedan Pwojè Taks Konbine 2023-24 ki te distribye nan mwa Oktòb la. Dapre Lalwa Florid, si yo pa peye evalyasyon non-ad valorem lè yo dwe li [peyab 1ye novanm jiska 31 mas], sa va lakòz yo emèt yon sètifikasi taks sou pwopriyete a, sa ka lakòz pèt tit pwopriyete a.

Antanke pwopriyetè ki sijè a evalyasyon an, ou gen dwa pou prezante nan odyans pubblik sa a epi/oswa depoze yon objeksyon ekri devan Konsèy Komisyònè Konte Miami-Dade la nan entèval ven (20) jou apati avi sa a.

Voye lèt ki gen rapò ak sa nan adrès annapre a:

**Department of Solid Waste Management  
Public Information and Outreach Division  
2525 NW 62 Street, 5th Floor, Miami, Florida 33147**

**oubyen pa imel nan [DSWM@miamidade.gov](mailto:DSWM@miamidade.gov)  
Liy Sijè a: 2023 Proposed Solid Waste Fee Increase**

*Pou mande materyèl nan yon fòma ki aksesib, entèprèt lang siy, ak/oswa nenpòt aranjman pou patisipe nan nenpòt pwogram oswa rankont ki esponnsorize pa Konte a, tanpri kontakte (305) 375-3566 senk jou alavans pou kòmanse demann ou an. Epitou itilizatè TTY yo kapab rele 711 (Sèvis Relè Florid la.)*

# AVI Evalyasyon ki Pwopoze a Enfòmasyon Jeneral ak Kesyon yo Poze Souvan

## Pou kisa mwen te resevwa Avi a?

Kòm pwopriyetè nan Florid, ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon espesifik ki konsènen w sou Evalyasyon non-ad valorem yo. Avi sa a respekte dwa w lè li ba w detay sou evalyasyon ki pwopoze pou parèt nan Fakti Konbine Taks Pwopriyete pou lane 2023 pwopriyete w la.

## Èske mwen bezwen reponn Avis a?

Avi sa a se pou enfòmasyon w sèlman, ou pa bezwen reponn. Sepandan, si ou gen kòmantè ou ta renmen Komisyon Miami-Dade la (BCC) konsidere konsènan evalyasyon w yo, ou kapab patisipe pèsonèlman nan odyans piblik la oswa tou ou kapab voye objeksyon w (pa lapòs oswa imèl) bay Department of Solid Waste Management, Public Information and Outreach Division. Tout lèt ki rive anndan 20 jou apre ou resevwa avi sa a ap anrejistre nan dosye BCC a.

## Kisa evalyasyon non-ad valorem nan ye?

Yon evalyasyon non-ad valorem se yon evalyasyon espesyal oswa yon chaj pou sèvis ki pa baze sou valè pwopriyete a ak mileyaj.

## Ki sèvis evalyasyon an peye?

Fon evalyasyon an kapab sèvi pou sèvis piblik ki ap fèt. Ranmasaj dechè solid rezidansyèl se yon egzanp sèvis evalyasyon non-ad valorem lan finanse.

## Poukisa montan evalyasyon an chanje?

Montan evalyasyon pou yon sèvis ki ap fèt kapab varye chak ane baze sou kou operasyon ak obligasyon bidjetè. Enfòmasyon adisyonèl sou pri yo disponib sou sit entènèt Depatman Jesyon Dechè Solid [miamidade.gov/wastefee](#).

## Si sa se pa yon fakti, kilè yo ap voye fakti ban mwen?

Taks Kolektè Konte Miami-Dade va voye pa lapòs evalyasyon ki te apwouve nan odyans piblik la nan mwa oktòb. Yo va faktire li atravè Fakti Konbine Taks Pwopriyete ane 2023 la. Pou evite penalite, peye tout taks pwopriyete a anvan 31 mas. Si yo pa peye evalyasyon non-ad valorem lè yo dwe li [peyab 1ye novanm jiska 31 mas], sa va lakòz yo emèt yon sètifikasi taks sou pwopriyete a, sa ka lakòz pèt tit pwopriyete a. Gen rabè pou moun ki peye bone.

**Si ou gen kesyon oswa si ou bezwen plis enfòmasyon,  
Kontakte Depatman Jesyon Dechè Solid nan 305-499-8738 oswa  
pa imèl bay [dswm@miamidade.gov](mailto:dswm@miamidade.gov).**